



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 539 MILYON DOLA FINANSMAN ASISTANS POU PWOPRIYETÈ KAY KI SE PREMYE NAN NASYON AN POU EDE REZIDAN NEW YORK KI ELIJIB YO KI A RISK POU SIBI SEZI IMOBILYE OSWA DEPLASMAN**

*Finansman pral ede pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere yo ki afekte pa pandemi an rete lakay yo*

*Pou aprann plis, rezidan yo ka vizite [sitwèb HAF](#) la oswa kontakte Sant Apèl Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Eta New York la nan 1-844-77-NYHAF*

***Yo pral aksepte aplikasyon apati lendi 3 janvye 2022***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York se premye eta nan nasyon an ki resevwa apwobasyon Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury) an pou lanse Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay (Homeowner Assistance Fund, HAF) li a, ki se yon pwogram ki pral bay jiska 539 milyon dola pou ede pwopriyetè kay ki elijib yo evite reta ipotekè, defo peman, sezi imobilye, ak deplasman. Yo pral aksepte aplikasyon apati lendi 3 janvye 2022.

"Anpil Nouyòkè toujou ap reprann yo apre pandemi an, e menm jan nou te fè pou lokatè yo, eta nou an ap trase chemen kounye a pou bay pwopriyetè vilnerab atravè eta a soulajman ekonomik ki nesèsè anpil", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou konnen yo santi doulè ekonomik pandemi an yon fason ki pa pwopòyonèl nan kominote riral yo, kominote koulè yo, ak kominote imigran yo, e pwogram sa a se yon demonstrasyon angajman nou pou mete bezwen Nouyòkè yo ki nan bezwen nan kè travay nou. Nou remèsye Administrasyon Biden lan ak tout delegasyon Kongrè nou an paske li te sekirize kout men enpòtan sa a, epi New York pare pou sipòte pwopriyetè kay ki nan bezwen yo nan chak etap sou wout la."

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare,** "Twòp Nouyòkè te sibi yon fado finansye ekseksif san se pa fèt yo akòz pandemi COVID-19 la e kòm repons New York deja pran mezi rapid e konplè. Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay ki se premye nan nasyon an, se yon etap monimantal pou ede asire ke Nouyòkè ki defavorize yo resevwa èd yo bezwen pandan y ap distribye fon yo yon fason ekitab nan mitan kominote ki te sibi gwo enpak pandemi an."

Gouvènè Hochul te anonse tou lansman [sitwèb pwogram NYS HAF](#) la, yon sant apèl enfòmasyon, ak yon kanpay maketin ki gen plizyè lang ki pral ede edike pwopriyetè kay yo sou pwogram nan epi asire tout Nouyòkè yo, espesyalman moun ki nan kay ki pa pale Anglè yo, pou yo pare pou aplike lè fenèt aplikasyon an ouvri nan dat 3 janvyè 2022.

Fèt ak administre pa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, NYS HAF pral vize pwopriyetè kay ki gen revni ki fèb oswa modere ki an reta sou peman ipotekè, taks imobilye, bòdwo dlo oswa egou, ansanm ak pwopriyetè koperativ yo oswa inite kondominyòm yo ki an reta sou frè antretyen, ak pwopriyetè kay prefabrike yo ki an reta sou prè mobilye oswa kontra vèsman an detay.

Aplikasyon ki elijib yo ka resevwa asistans finansye pou ratrape peman lojman yo te rate, pou diminye dèt ipotekè pou fè peman ipotekè chak mwa yo pi abòdab, epi pou pwopriyetè kay ki pap travay yo, asistans pou jiska sis mwa peman lojman alavni.

Aplikasyon ki elijib yo dwe genyen yon revni kay ki egal oswa pi ba pase 100 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) epi yo dwe gen pou pi piti 30 jou an reta sou peman lojman chak mwa pou rezidans prensipal yo. Prim yo pral limite a 50,000 dola pou chak kay. Asistans yo pral estriktire sou fòm prè ki kapab anile pou senk ane, ki pa gen enterè, ki pa gen amòtisman. Si pwopriyetè kay la rete nan kay la pou yon peryòd sen ane, yo pral anile prè a konplètman.

Anplis de sa, pwogram NYS HAF la ap travay an patenarya ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York pou defann pretè ipotekè ak ajan sèvis ipotekè yo pou asire pwopriyetè kay yo ap resevwa tout soulajman ki disponib dapre règleman federal ak eta a yo. Sa gen ladann tèm ipotekè pwolonje, ranvwa peman ki manke oswa montan abstansyon, ak to enterè ki pi fèb pou diminye peman chak mwa yo.

Sustainable Neighborhoods LLC, ki se yon enstitisyon finansye pou devlopman kominotè san bi likratif, pral jere pwogram NYS HAF la, ki te chwazi atravè yon Demann pou Pwopozisyon konpetitif. Sustainable Neighborhoods gen anpil eksperyans nan administre pwogram prevansyon sezi imobilye ak diminisyon pèt atravè eta a.

Anons jodi a baze sou angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou l bay Nouyòkè ki nan bezwen yo soulajman ekonomik. Imedyatman apre li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te travay agresif pou brize enpas nan Pwogram Asistans ljan pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) nan New York la, ki te mennen eta a soti nan dèyè ploton an pou pase devan an tèm distribisyon soulajman bay moun ki nan bezwen yo. Sou lidèchip li a, peman soulajman pou lwaye yo te vin kentiple, ak Eta New York ki kounye a te peye oswa angaje apeprè 2.1 milya dola nan asistans pou lokasyon ki kouvri plis pase 164,000 aplikasyon, ki gen ladan plis pase 90,000 peman pou pwopriyetè yo jiska dat.

Anplis de sa, eta a te bay 125 milyon dola asistans pou pwopriyetè ki gen lokatè yo ki pa te patisipe nan Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans lan oswa ki te kite rezidans pa yo ak aryere yo. Anplis de sa, lè li te rekonèt ke yo te bezwen plis asistans, Gouvènè Hochul te depoze yon aplikasyon nan Depatman Trezò Ameriken an pou yon soulajman adisyonèl pou prèske 1 milya dola pou Nouyòkè yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Li enpòtan pou nou prevni yon kaskad defo peman, sezi imobilye, ak deplasman, ki ta febli estabilite kominote nou yo, devaste baz taks sou pwopriyete a, epi kite ekonomi lokal yo sou chòk. Pou plizyè milye pwopriyetè kay ki nan risk ke nou prevwa elijib pou pwogram sa a, nou ka remete yo sou yon bon baz finansye kote yo p ap pèdi yon jenerasyon pwogrè aksè ak pwopriyete."

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Chak Nouyòkè merite yon kote ki sam danje epi ki an sekirite pou yo rele lakay yo, e mwen fyè nou bay finansman federal pou Fon Asistans pou Pwopriyete Kay la pou ede pwopriyetè New York ki an difikilte yo ki afekte pa pandemi an rete lakay yo. Lè mwen te pote Plan Sovtaj Ameriken an nan Sena a, mwen te defann dispozisyon pou ede rezidan ki pi vilnerab nou yo ki an reta sou peman akòz COVID rekipere yo epi evite sezi imobilye. Aksè ak yon lojman ki an sekirite epi ki fyab se yon dwa fondamantal, e mwen p ap sispann goumen ak sèvi pwopriyetè kay Nouyòkè yo pou ede yo rekipere yo."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Pandemi COVID-19 la agrave ensekirite lojman an nan kominote yo atravè Eta New York. Finansman federal sa a se yon etap enpòtan pou ede asire ke pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere yo ki gen risk pou yo deplase, espesyalman moun ki nan zòn ki istorikman sijè a diskriminasyon lojman, ka kenbe chofaj yo, dlo kontinye koule, ak yon twati sou tèt yo. Mwen pral kontinye goumen pou m asire chak Nouyòkè gen yon kote pou yo rele lakay yo."

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Mwen bat bravo pou Depatman Trezò a paske li bay New York priyorite ak finansman sa a. Pèsonn pa ta dwe fòse soti nan yon lojman ki an sekirite, abòdab akòz difikilte ki gen rapò ak sante oswa finansye ki te koze pa COVID-19 la. Pwogram sa a, ki te kreye atravè Plan Sovtaj Ameriken an, pral ede fanmi New York yo rete lakay yo. Pandan m ap kontinye goumen pou m asire pwopriyetè kopetatif ak kondominyòm yo enkli nan asistans FEMA, mwen kontan dèske pwogram sa a pral kouvri yo depi premye jou a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li travay san pran souf pou jwenn finansman sa a, e mwen espere kontinye travay avèk li pou retire New York nan pandemi sa a."

**Reprezantant Carolyn Maloney te deklare,** "Pandemi COVID-19 la vin agrave bezwen lojman abòdab yo nan eta nou an. Lojman se yon dwa moun genyen, e mwen byen kontan New York se premye eta ki etabli Fon Asistans pou Pwopriyete Kay la pou ede moun ki gen difikilte yo evite reta ipotekè, defo peman, sezi imobilye, ak deplasman. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki elijib ki bezwen asistans pou aplike."

**Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare,** "Pandan pandemi mondyal la, fanmi k ap travay yo gen anpil bagay ki rann yo te enkyete epi yo pa ta dwe gen plis estrès nan pè pèdi kay yo. Mwen te fyè pou m vote pou Plan Sovtaj Ameriken an, ki bay finansman pou Fon Asistans pou Pwopriyete New York la vin inik nan Etazini. Pwogram HAF la pral ede pwopriyete klas travayè yo peye ipotèk yo, anpeche defo peman, sezi imobilye, ak depasman. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ou ak devouman w pou asire pwogram sa a rive jwenn yon kantite fanmi jan sa posib."

**Reprezantan Gregory Meeks, te deklare,** "Pandan Nouyòkè yo kontinye ap lite ak konsekans ekonomik COVID-19 la, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te lanse pwogram Fon Asistans pou Pwopriyete Kay Eta nou an, epi mwen remèsye Depatman Trezò a pou apwobasyon yo. Nan Komite Sèvis Finansye Chanm nan, mwen pèsònèlman defann reyisit pwogram sa a paske mwen konnen aksè ak pwopriyete rete yon chemen enpòtan pou klas mwayèn nan. Pliske kay yon moun gen tandans vin pi gwo resous finansye pa yo, konsantrasyon fon sa a sou retansyon kay la epi ede moun yo rete lakay yo pral kontribiye anpil pou pwoteje richès kominote yo epi asire yon rekipasyon ekonomik ekitab nan New York."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Pandemi Covid-19 la kontinye lakoz difikilte nan kominote nou yo, fòse fanmi k ap travay di yo santi yo ensèten sou avni finansye yo. Fon Asistans pou Pwopriyete Kay la, ke Kongrè a te pase epi li etabli nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la, pral kenbe moun yo lakay yo, sa ki enpòtan sitou pandan sezon frede a ap rive."

**Reprezantan Yvette Clarke te deklare,** "Lojman se, epi li pral toujou rete yon dwa moun inivèsèl. Kòm yon konsekans kriz grav ane ki sot pase yo, twòp moun ak fanmi yo te fè fas ak ensètitud lojman ak pwoblèm ke pèsonn pa ta dwe genyen. Erezman, atravè Fon Asistans pou Pwopriyete Kay New York la, nou ka kòmanse fè pwogrè nan direksyon pou pwoteje dwa sa a nenpòt kote li pi menase. Kòm yon pwogram inik nan nasyon an, sa a se vrèman Bondye ki voye li pliske NYS HAF la pral ede fanmi ki gen revni fèb oswa modere ki gen difikilte anba pwa bòdwo afèblisan tankou peman ipotèk ak taks sou pwopriyete, anplis patenarya ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la pou asire kominote nou yo wè soulajman yo gen dwa ak yo. Epi nou ka selebre vikwa sa a pou Nouyòkè yo gras ak travay kolektif nou an, an patikilye ak delegasyon Kongrè Eta New York la nan rann fon sa yo disponib atravè Plan Sovtaj Ameriken an. Pwogram sa a ofri solisyon enpòtan pou pwoblèm reyèl epi li pral prezève dwa ak diyite popilasyon ki pi vilnerab nou yo."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Pandan pandemi COVID sa a ap kontinye reprezante yon menas terib pou kominote nou yo, anpil Ameriken ap lite pou kenbe peman ipotèk yo ak lòt bòdwo yo. Pandan moman difisil sa a, pèsonn pa ta dwe gen enkyetid pou mete yo deyò lakay yo. Se poutèt sa mwen te fè presyon sou Kongrè a pou bay lajan federal atravè Plan Sovtaj Ameriken nou an pou tabli pwogram sa a ki pral bay yon kout men pou anpil Nouyòkè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou travay li paske li asire yo sipòte kominote nou yo pandan kriz sa a ak odela."

**Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare,** "Pandemi sa a p ap fini pou okenn nan nou jiskaske li fini pou nou tout. Malerezman, twòp Nouyòkè gen risk pou yo sezi imobilye yo oswa sibi deplasman epi yo bezwen sipò ijan. Nan kòmansman ane sa a, House Democrats (Chanm Demokrat) ak Prezidan Biden te kreye Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la pou ede asire moun atravè eta nou an kenbe yon twati sou tèt yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak NYS HCR pou travay yo fè pou mete pwogram esansyèl sa a kanpe ak an fonksyon."

**Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare,** "Pandan ke ekonomi an ap kontinye reprann apre pandemi COVID-19 la, li esansyèl pou nou ede moun ki toujou ap lite yo. Se egzakteman pou rezon sa mwen te goumen pou fon federal yo nan Plan Sovtaj Ameriken an pou kreye Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay ki enpòtan sa a. Mwen fyè dèske Gouvènè Hochul ak Eta New York ap itilize finansman ki soti nan Plan Sovtaj Ameriken an yon fason ki tèlman enkwayab pou sipòte kominote nou yo epi ede kenbe fanmi yo lakay yo."

**Reprezantan Kathleen Rice te deklare,** "Dè milyon Nouyòkè te gen enkyetid sou ensekirite lojman depi kòmansman pandemi sa a. Mwen te fyè dèske m te ede sekirize prèske 540 milyon dola nan finansman asistans pou pwopriyetè kay nan Plan Sovtaj Ameriken an pou plizyè santèn milye pwopriyetè nan Konte Nassau yo. Mwen ankouraje elektè mwen yo ak nenpòt pwopriyetè kay nan Eta New York ki gen difikilte finansye akòz pandemi an pou yo aplike pou asistans vital sa a. Mèsi Gouvènè Hochul paske li finalman retire lajan sa a."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Nan kòmansman ane sa a, mwen te mete ansanm ak kòlèg Kongrè mwen yo pou yo te adopte Lwa Plan Sovtaj Ameriken an, ki te bay prèske 10 milya dola pou eta ak teritwa ameriken yo pou bay sekou ijans pou pwopriyetè kay ki pi vilnerab yo nan nasyon nou an apre pandemi COVID-19 la. Lojman nasyonal te nan yon pwèn ki baskile bagay yo anvan pandemi an e li te sèlman vin pi grav lè plizyè milyon moun ak fanmi te fè fas ak degèpisman akòz chomaj ak fèmti biznis yo Kounye a n ap fè fas ak yon sounami lojman pandan anpil Nouyòkè ap lite pou kenbe yon twati sou tèt yo epi mete manje sou tab yo., Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou asire rezidan yo atravè kominote nou yo gen sipò ak resous ki nesèsè pou rete lakay yo. Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la se yon gwo etap nan bon direksyon an epi li pral gen yon enpak dirab sou kominote yo atravè Eta New York."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Chak moun gen dwa pou gen yon kote ki an sekirite, ki estab pou yo rele lakay yo—men pandemi COVID-19 la te menase dwa sa a pou anpil moun Nouyòkè ki ap lite pou yo debwouye yo. Envestisman sa a pral ede anpeche fanmi yo deplase epi bay estabilite lè kominote nou an plis bezwen li. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou sipòte popilasyon ki pi vilnerab nou yo ak pou travay san pran souf li pou ede fanmi yo atravè Eta New York."

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare,** "Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la pral gen yon enpak pozitif sou moun atravè eta New York, se poutèt sa mwen te travay pou garanti resous ki nesèsè sa a nan Plan Sovtaj Ameriken an lè mwen menm ak kòlèg

mwen yo nan Kongrè a te adopte pwojè lwa sa a nan kòmansman ane sa a. Pandemi a te rann li pi difisil pou fanmi k ap travay yo pou kenbe ipotèk yo epi ensekirite lojman afekte pwopriyetè kay yo anplis lokatè yo. Plis pase 75,000 Nouyòkè gen risk pou yo sibi sezi imobilyè, anpil ladan yo se Nwa ak fanm koulè yo nan 16èm distri Kongrè New York la. Aksè ak pwopriyete a ta dwe yon chemen ki mennen nan estabilite finansye alontèm epi HAF ap ede mete sa a disponib pou pwopriyetè kay ki bezwen asistans. Tout pwopriyetè kay nan New York bezwen sipò pou nou, antanke eta, nou ka travay ansanm epi yon fason pwo-aktif pou diminye ensekirite lojman epi pote lapè nan kominote yo."

**Reprezantan Mondaire Jones te deklare,** "Kòlèg mwen yo ak mwen te adopte Plan Sovtaj Ameriken an pou asire kominote nou yo te gen resous ak finansman yo bezwen pou yo siviv ak rekipere yo anba pandemi COVID-19 la", deklarasyon Manm Kongrè a, Mondaire Jones. "Mwen kontan wè Eta New York ap dirije nasyon an nan itilize finansman sa a pou asire pwopriyetè kay yo gen resous ak sipò yo bezwen pou yo rete lakay yo. Finansman sa a pral chanje lavi anpil Nouyòkè, epi mwen ankouraje tout moun ki elijib pou aplike."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Fon Asistans Pwopriyetè Kay la se yon etap masiv nan asire Nouyòkè yo ka rete lakay yo pandan n ap kontinye rekipere anba pandemi an. Kòm premye eta ki gen apwobasyon pou lanse pwogram sa a, New York pral bay plis pase 500 milyon dola nan soulajman pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen yo. Mwen konnen dapre pwòp eksperyans mwen viv ke kalite finansman federal sa a bay sekirite, estabilite, ak opòtinite pou fanmi k ap travay yo. "Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li mete pwogram enpòtan sa sou dènnye liy dwat la

**Pòtpawòl Asanble Eta New York a (New York State Assembly) Carl Heastie te deklare,** "Pandan ane, Majorite Asanble a te yon defansè enfatigab pou finansman ak lejislasyon ki ede kenbe Nouyòkè yo lakay yo. Pandan n ap travay pou nou rekipere anba enpak ekonomik devastatè pandemi COVID-19 la, bezwen asistans pou pwopriyetè kay yo pi gran pase anvan an. Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la pral ede anpil pwopriyetè kay ki gen difikilte pou yo reprann pozisyon yo epi asire yo kapab rete lakay yo. Nou ekstrèmman rekonesan anvè administrasyon Biden lan paske li bay finansman sa a, ak Gouvènè Hochul pou angajman li pou fè sa. Nou pa ka tann pou nou kontinye batay pou fanmi New York yo nan ane k ap vini an."

**Senatè Eta New York, Brian Kavanaugh te deklare,** "Mwen kontan rejwenn Gouvènè Kathy Hochul pou m anonse New York vin premye eta nan nasyon an ki resevwa apwobasyon Depatman Trezò Ameriken an pou lanse Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la. 539 milyon dola ki disponib atravè pwogram nan pral ede anpeche depasman pwopriyetè kay yo ak bese difikilte finansye ki asosye ak pandemi COVID-19 nan anpeche reta ipotèk ak taks, ak sezi imobilye, ansanm ak pèt sèvis piblik oswa sèvis enèji lakay yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, kòlèg nou yo nan lejislati Eta a, ak Komisè Lojman RuthAnne Visnaukas paske yo te travay ansanm pou pote ka bay Depatman Trezò a konsènan enpòtan finansman sa a pou pwopriyetè kay New York yo ak efò rekiperyasyon nou yo nan yon sans ki pi laj.

Mwen remèsye tou delegasyon Kongrè nou an paske yo te asire ke yo alwe lajan sa yo nan New York an premye, ak Sekretè Janet Yellen ak Depatman Trezò a paske yo te koute demann nou an pou apwouve aplikasyon New York la."

**Senatè Eta New York, Anna M. Kaplan, te deklare,** "Twòp fanmi Long Island toujou ap fè fas a menas sezi imobilye paske yo te pran reta nan peman ipotekè yo pandan pandemi an akòz faktè an deyò kontwòl yo. Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la se yon resous enpòtan pou ede fanmi Long Island ki gen difikilte pou yo rete nan kay yo. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul te bay priorite pou pwogram sa a kòmanse ap fonksyone, epi mwen ankouraje nenpòt moun ki ka benefisye pou yo aprann plis epi konsidere aplike pou asistans."

**Senatè Eta New York, Kevin Thomas te deklare,** "Lojman ki estab esansyèl nan repons COVID-19 ak rekipasyon Eta New York apre pandemi an. Pwogram Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay Eta New York la pral bay pwopriyetè kay ki te afekte pa pandemi an soulajman ki nesèsè. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak patnè nou yo nan gouvènman an paske yo te travay rapidman pou yo ka distribye fon soulajman enpòtan sa yo bay Nouyòkè ki nan bezwen yo."

**Senatè Eta New York, Jim Gaughran te deklare,** "Pwogram inik sa a pral ofri asistans finansye pou ede fanmi yo rete lakay yo epi evite deplasman nan mwa ivè ki fè frèt yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou defans solid li nan avanse pwogram sa a pou bay fanmi yo kèk estabilite nan mitan defi kontinyèl pandemi sa a."

**Direktè Egzekitif, Chhaya Community Development Corporation, Annetta Seecharan, te deklare,** "Pwopriyetè kay ki gen revni ki fèb oswa modere ki te pèdi revni nan pandemi an ap eseye pou ratrape yo ak peman ipotekè, taks, bòdwo sèvis piblik yo, epi pèp nou an te ap tann èd yon fason dezespere. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te rapidman enpleman Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la, ki vini kòm yon gwo soulajman, epi ki pral ede fanmi k ap fè fas ak menas sezi imobilye yo rete lakay yo. Aksè ak pwopriyete se poto mitan sante, byennèt ak resous finansye pou kominote nou yo; ede moun rete lakay yo se yon bagay ki enpòtan pou rekipasyon konplè nou anba pandemi an."

**Christine Peale, ki se Direktris Egzekitif Jeneral ak Direktris Egzekitif, Sustainable Neighborhoods, te deklare,** "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lidèchip eta a pou gwo opòtinite pou sèvi fanmi New York atravè Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la. Pandemi a te mete aksan sou nesèsite pou yon rekipasyon ekitab ki soti Buffalo rive Bay Shore, sa ki fè sa tounen yon moman enpòtan pou sipòte pwopriyetè kay yo epi bay soulajman moun ki te gen difikilte finansyèman epi ki te fè fas ak enjistis istorik depi lontan. Nou fyè dèske nou fè pati efò esansyèl sa a, e nou espere kontinye travay nou ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè."

**Direktè Egzekitif, Affordable Housing Partnership la, Susan Cotner, te deklare,** "Nouyòkè yo toujou ap rekipere yo anba enpak finansye pandemi an e li enpòtan pou nou fè konnen disponiblite Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la. Gras ak sipò Gouvènè

Hochul ak Eta New York, èd ekspè nan ajans lokal yo disponib gratis pou pwopriyetè kay yo pou yo resevwa nenpòt asistans ki nesèsè pou soumèt aplikasyon pa yo."

**Direktè Egzekitif, Konsèy Asistans Urban Homesteading lan, Andy Reicher, te deklare,** "Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay la ap bay yon soulajman vital pou moun ki bezwen li. Pandemi a te gen yon enpak pwofon sou kominote koperatif HDFC nou an e sa a se kalite sipò ki pral ede pwopriyetè kay ki gen revni fèb yo kenbe lojman yo abòdab epi rete lakay yo. Ekip UHAB ap fè sensibilizasyon atravè vil Nouyòk ak dilijans pou asire ke tout koperatif HDFC yo okouran de fon sa yo."

**Prezidan/Direktè Egzekitif Jeneral, Long Island Housing Partnership, Inc., Peter J. Elkowitz, te deklare,** "Nou ta dwe bat bravo pou Eta New York pou deplwaman li pou Fon Asistans Pwopriyetè Kay la ki fèt pou ede pwopriyetè kay ki an danje pou yo pèdi kay yo akòz enpak Kriz COVID la. NYS HAF bay sipò finansye, rekòmandasyon bay konsèy pwofesyonèl lojman ak sèvis legal. Long Island Housing Partnership, Inc. espere travay ak Eta a sou aplikasyon pwogram nan."

**Direktè Egzekitif, Long Island Housing Services, Inc., Ian S. Wilder, Esq., te deklare,** "Long Island Housing Services trè rekonesan anvè gouvènman federal la dèske li bay finansman HAF sa yo ki nesèsè anpil pou ede pwopriyetè kay Long Island ki frape anpil yo."

**Direktris Egzekitif Jeneral, Home Headquarters Inc., Kerry Quaglia, te deklare,** "Finansman enpòtan sa a pral ede pwopriyetè kay ki te pran reta nan peman ipotèk yo oswa taks sou pwopriyete yo akòz COVID-19 ak asistans finansye pou yo rete lakay yo. Nou apresye efò Gouvènè Hochul ak ekip Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè a, epi nou pare pou ede pwopriyetè kay ki nan Nò Eta New York yo jwenn èd ki nesèsè atravè pwogram enpòtan sa a."

**Direktè Asosye NYLAG, Inite Pwoteksyon Konsomatè, Rose Marie Cantanno, Esq. te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya ak administrasyon Gouvènè Hochul la ak HCR pou ede anpil pwopriyetè ki te devaste sou plan finansye pa pandemi an. Nan yon moman ensètitud konsa, Gwoup Asistans Legal New York la pare pou ede bay anpil Nouyòkè ki byen merite estabilite ak lapè nan lespri."

**Pwokirè Sipèvize -Foreclosure, WNYLC, Amy Gathings, te deklare,** "Sant Lwa Rejyon Lwès New York (Western New York Law Center, WNLC) la kontan e li rekonesan pou anons Gouvènè Hochul sou Fon Asistans pou Pwopriyetè Eta New York la ki pral ede yon pakèt pwopriyetè k ap fè fas ak risk pou deplasman. Nou kontinye wè pwopriyetè kay yo ap lite epi yo ap pran plis reta sou peman ipotèk ak taks sou pwopriyete yo akòz entèripsyon nan finans yo ki te soti dirèkteman nan Pandemi COVID-19 la. Pwogram HAF la se yon bèl opòtinite pou pwopriyetè kay yo retounen sou bon chemen an. Prezève aksè ak pwopriyete esansyèl pou estabilize kominote yo epi asire transfè richès jenerasyonèl. Nou kwè pwogram sa a se yon zouti esansyèl nan batay kont enpak devastatè COVID-19 la epi nou espere travay ak HCR ak patnè yo nan aplikasyon li."



Kòm yon pati nan lansman pwogram nan, HCR ak Sustainable Neighborhoods deja anboche 23 òganizasyon kominotè pou fè sansibilizasyon sible pou pwopriyetè kay ki ka an danje, espesyalman nan zòn ki istorikman sibi diskriminasyon lojman yo, zòn kote pwopriyetè kay yo ka gen aksè limite ak entènèt, ak kominote kote gen yon gwo nivo detrès aksè ak pwopriyete.

Pandan peryòd sansibilizasyon sa a, sant apèl NYS HAF ap fonksyone lendi jiska vandredi soti 9 a.m. rive 5 p.m. pou ede pwopriyetè kay yo epi bay enfòmasyon enpòtan sou pwogram nan ak enstriksyon sou fason pou yo aplike.

Sitwèb NYS HAF genyen [Kesyon yo Poze Souvan yo, yon gid aplikasyon etap pa etap](#), ak yon [lis verifikasyon dokiman](#) pou aplikan yo konnen ki dokiman yo ka bezwen pou soumèt aplikasyon pa yo.

Sitwèb la, materyèl sipò yo, ak sant apèl yo disponib pou pwopriyetè kay yo nan 10 lang - Arab, Bengali, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Koreyen, Mandaren, Polonè, Ris, Espanyòl, ak Yiddish.

Anplis de sa, HCR te fòme yon patenarya ak plis pase 70 konseye lojman san bi likratif ak founisè sèvis legal, manm Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Kay Nouyòk la, ki pral gen aksè dirèk ak pòtal aplikasyon an liy la epi ki pral kapab soumèt plizyè aplikasyon nan non kliyan pa yo. Rezo HOPP la pral sèvi tou kòm yon rezo referans sòtan pou aplikan ki mande asistans nan pwosesis aplikasyon an, oswa ki bezwen asistans legal ijan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)